# Зыщ ди блэкІари, зыуэ щрет ди къэкІуэнури!


ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№112 (24.394) • 2022 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


Адыгэ макъ

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкІыгъуэ зэхэт

Черкес хэку

## Нобэ Адыгэхэм я махуэщ



### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щІыхькІэ цІыхухэм

## ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкІэ сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу. Мы махуэшхуэр епхащ адыгэ лъэпкъым къикІуа тхыдэ гъуэгуанэм, абы къегъэлъагъуэ ар и анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, псэкупсэ къулеягъыр, хабзэр ихъумэну, зыужьыныгъэм адэкІи хуэкІуэну зэрыхущІэкъур. Апхуэдэуи и дамыгъэщ мамырыгъэм, гуапагъэм, захуагъэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэкъуэтыныгъэмрэ псэкупсэ къулеягъымрэ.

Адыгэхэм къакІуа гъуэгуанэр къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ Урысейм и тхыдэм. Ди лъэпкъыр иропагэ икІи ирогушхуэ ди Хэку тхыдэм и напэкІуэцІ нэхъыфІхэр къэзыгъэщІа нэхъыжьыфІхэм яхэлъа лІыхъужьыгъэм, хахуагъэм, пщІэ лъагэ хуащІ Урысей къэралым лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуищІа, мы зэманми хуищІ хэлъхьэныгъэм. Си фІэщ мэхъу Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр гъэлъэпІэныр а лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр дяпэкІи хъумэным сэбэп зэрыхуэхъунур, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я зэгурыІуэныгъэр нэхъри зэрыщІигъэбыдэнур.

Сынывохъуэхъу а гуфІэгъуэ махуэшхуэмкІэ икІи узыншагъэ, мамырыгъэ, гуапагъэрэ зэІузэпэщыныгъэрэ фиІэну си гуапэщ.

# Хъуапсэм псэ хэтщ

Ди лъэпкъэгъу лъапІэхэ!

Ди къуэшыфІхэ, ди шыпхъу дахэхэ!

Илъэс зыбжанэ хъуащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэшхуэр, фокІадэм и 20-р, лъэпкъ махуэгъэпсым къызэрыхэувэрэ, ар дгъэлъапІэ зэрыхъурэ. КъызыхэкІа лъэпкъым ирипагэ дэтхэнэ зы цІыхури ирогушхуэ Хэку зэриІэм, анэбзэ зэрыІурылъым, нэхъ лейуэ йогупсыс и адэжьхэм къакІуа гъуэгуанэм.

Адыгэм щІэгушхуэн тхыдэ иІэщ, щызэплъэкІыжкІи щапхъэ ищІ хъун куэди хэлъщ. Пэжщ, ди адэжьхэм я гъащІэ гъуэгуанэр лъэпощхьэпоуншэу щытакъым, Іэджэ гуауи я нэгу щІэкІащ. Ауэ къащІэхъуэ щІэблэм щхьэкІэ псэун зэрыхуейр ящыгъупщакъым. «Гугъэр адэжь щІэинщ» жыхуаІэраци, адыгэм и щыІэныгъэр пщэдейрей махуэхэм хуэгъэпсауэ, и бзэрэ и хабзэрэ къызэрызэтенэным хуэщІауэ, и Хэку дахэр сыт щыгъуи щыІэным телажьэу къекІуэкІащ.

Адыгэхэр щІы хъурейм тепхъауэ псэуми, я лъэпкъыщхьэр зэрахъумэным, я бзэкІэ зэрыпсэлъэным хущІэкъуу дунейм тетщ. Нобэрей махуэр щыхьэт тохъуэ адыгэм и хъуапсэм псэ зэрыхэтым, и гугъапІэхэм ужьых зэрамыІэм. Ди цІыхухэр я щІэныгъэкІэ, я зэфІэкІкІэ, я Іуэху щІэкІэкІэ дуней псом къыщацІыхуащ; я хабзэкІэ, я цІыху щІыкІэкІэ, я щыпкъагъэкІэ дэни фІыкІэ къыщыхощ. ЖыпІэнуращи, дэнэ щІыпІэ щымыІэми, зыхуосакъыж, и пщІэр ехъумэ, емыкІумрэ екІумрэ зэхигъэгъуащэркъым. Шэч хэлъкъым Адыгэ Хабзэрэ адыгэбзэрэ къызыдэгъуэгурыкІуэ лъэпкъыр зэрымыкІуэдыжынум.

Нобэ ди махуэщІщ, гугъэмрэ хъуапсэмрэ я махуэшхуэщ. Лъэпкъыбэм дыкъызэрацІыхуа ди хъугъуэфІыгъуэ псори ди гъащІэ мылъкущ, ауэ абы фІыкІэ къыхэзыгъэхъуэн, ар зыгъэбэгъуэн, къэкІуэну лъэхъэнэхэм хъеркІэ нэзыхьэсын лъэпкъ дыхъуну Тхьэм жиІэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщІакІуэ гупым хэтхэм я цІэкІи си щхьэкІи гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу Адыгэм ди махуэшхуэмкІэ, фІыгъуэрэ ехъулІэныгъэрэ къыфхудэкІуэну си гуапэщ. «Узэкъуэтмэ, улъэщщ», жиІащ адыгэм. ДэнэкІи щыІэ ди лъэпкъэгъухэр дызэкъуэту, дызэлъэІэсу, мамырыгъэм дыхущІэкъуу дыпсэуну сохъуахъуэ!

Ирегъагъэ, ирефІакІуэ адыгэ (шэрджэс) лъэпкъыр!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# Лъэпкъхэм я нэхъ уардэр щыпсэу лъахэ

**Мыгъэрей фокIадэ мазэр ди республикэм и дежкIэ адрейхэм хуэмыдэжу гъэнщIащ щIыналъэм, абы щыпсэухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ дахэхэмкIэ. Куэд щIакъым зэдэууэ зэрыдгъэлъапIэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъуар. ДыщыгуфIыкIыу тIэтащ ЩIэныгъэхэм я махуэр, республикэм и къалащхьэ Налшык и махуэр. Иджы дыгъуасэ лъандэрэ гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къыдиту дыхэтщ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр гъэлъэпIэным.**



ДУНЕЙМ адыгэу тетым мы гъэм ебгъуанэу зэдаIэт а махуэшхуэр. Адыгэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъыр зэкъуэгъэувэныр, абы и блэкIам пщIэ хуэщIыныр, и къэкIуэнум хьэлэлу телэжьэныр, а фIыгъуэ псори дзыхь зыхуэпщI хъуну щIэблэ узыншэ лъахэм къыгъэтэджэныр. А гупсысэхэр япэ щрагъэщ зэIущIэ купщIафIэ куэд мы махуэхэм щокIуэкI ди республикэм. Апхуэдэхэщ щIэныгъэ зэхуэс купщIафIэхэр, концерт хьэлэмэтхэр, гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр, спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Махуэшхуэпежьэ пшыхь дахэ дыгъуасэ къыщызэрагъэпэщащ Налшык дэт Музыкэ театрым. Абы кърихьэлIат КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я пашэхэр, къэрал IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, а Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр, щIыналъэм и нэхъыжьыфIхэр, нэгъуэщIхэри.

Концертым къекIуэлIахэм яфIэхьэлэмэт хъуащ махуэшхуэм къыхузэрагъэпэща «Адыгэхэр. ЛIэщIыгъуэхэм уакIуэцIрыплъмэ» фIэщыгъэр зиIа гъэлъэгъуэныгъэ иныр. Абы щыплъагъунут ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддекIуэкI лъэпкъ Iэмэпсымэхэр, Iэщэхэр, фащэхэр, ди тхыдэр къызыхэщыж, адыгэм ди цIыху пэрытхэр къызэрыщ сурэт дахэхэр, тхылъхэр, альбомхэр, нэгъуэщI къыдэкIыгъуэ хьэлэмэтхэр. А псоми наIуэ къащIащ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэр къызэрыгуэкIыу зэрыщымытар: и бзэр, хабзэр, щэнхабзэр ихъумэжыныр игъэнэхъапэу, ар гугъуехьрэ гуауэ куэдым зэрыпхыкIар, и щхьэ имыгъэлъахъшэу, и нэмысрэ и пщIэрэ ихъумэжу.

Гукъинэжу екIуэкIащ гуфIэгъуэ пшыхьыр. Ар къызэIуахащ КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим и «Адыгэ Хэку» усэ цIэрыIуэмкIэ, езыр къеджэжу плёнкэм тратхауэ щытамкIэ. Гури псэри зыхьэху макъ щабэм имытхьэкъуа щIэсакъым пшыхьым.

**Зеич лантIэу гъэшыгъуафIэ,**
**Си адыгэ хэку,**
**Хэку гъэфIэну сиIэ закъуэ,**
**Си адыгэ хэку.**
... **Уи жьэгу мафIэ щыужьыхым,**
**Си адыгэ хэку,**
**Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,**
**Си адыгэ хэку.**
... **Зы уIэгъэ уэ къыптехуэм,**
**Си адыгэ хэку,**
**УIэгъищэу зыхызощIэ,**
**Си адыгэ хэку.**

Апхуэдэу къызэIуаха нэужь, пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэу **КIэхумахуэ ФатIимэрэ Теунэ Джэмалрэ** абы кърихьэлIахэм фIэхъус гуапэ ирахащ. Абыхэм япэу псалъэ иратащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Фи пщыхьэщхьэ фIыуэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ! Нобэрей махуэр лъэпкъым иIэным куэдрэ щIэхъуэпсащ япэ ита нэхъыжьыфIхэр. Абыхэм ящыщщ ди республикэм и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ. Зи IуэхущIафэ дахэхэр лъэпкъым ноби ящымыгъупщэ хэкупсэ нэсым и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ адыгэхэми ди щIыналъэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми зэпэщыныгъэ, мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ яку дэлъу псэуным. Абы ирихьэжьа Iуэхухэр адэкIэ ягъэкIуэтащ ди щIыналъэм и пашэу щыта дэтхэнэми, - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм и псалъэм. - Адыгэхэр щопсэу дунейм и щIыпIэ куэдым, атIэми, дэ дызэрощIэ, дызэролъагъу, зэпыщIэныгъэфIхэр ди зэхуаку дэлъщ ди лъэпкъым и жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, и фIыгъэкIэ. Абы и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Зэхуэсым къыщащта унафэхэр хуэгъэпсащ лъэпкъым и зыужьыныгъэм. Ахэр адыгэ псоми тхуэфIын Тхьэм ищI! Нобэрей махуэшхуэмкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу псоми. ЩIэблэ узыншэ къытщIэхъуэу, ди зэкъуэшыныгъэр нэхъри дгъэбыдэу дызэбгъэдэтыну Тхьэм жиIэ!

ИужькIэ утыкур чэзууэ хуит хуащIащ ди щIыналъэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я IэщIагъэлIхэм. Апхуэдэхэт зи макъ жьгъырумкIэ пшыхьыр зыIэта уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Дыщэк1 Артур, Зеущэ Iэуес, Бэчхэ Азэмэтрэ Ренатэрэ, Бэрэгъун Марьянэ, Теппеев Алим, Тхьэгъэлэдж Светланэ, ХьэхъупащIэ Амырхъан, нэгъуэщIхэри. Абы къыщеджащ адыгагъэм, лъэпкъ нэмысымрэ пщIэмрэ, анэдэлъхубзэм ятеухуа усэ дахэхэм. Лъэпкъ къафэ екIухэр ягъэзэщIащ «Шагъдий», «Вагъуэ цIыкIу» къэфакIуэ ансамблхэм.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэр езыгъэкIуэкIахэр Iуэхум и кIэухыу гуапэу ехъуэхъуащ абы кърихьэлIахэми республикэм ис псоми узыншагъэ, зыужьыныгъэ, зэпэщыныгъэ зиIэ лъэпкъ уардэу дяпэкIи дыкъекIуэкIыну. Апхуэдэ псалъэ дахэхэм пыувэ хуэдэт усакIуэ цIэрыIуэ Шорэ Ахьмэд и усэм хэт сатырхэри: ***«Гъагъэ, бжьыфIэ, си Адыгэ лъахэ, Гугъэ нэхуу уиIэр уэ къыбдрехъуж. БгъэIун уи цIэр зы зэман плъэкIащи, Ар ди гъащIэ хабзэ хэткIи ирехъуж!»***

**КЪАРДЭН Маритэ.**


*Сурэтхэр* **Елъкъан Артур** *трихащ.*



# ДызэщIэзыгъэуIуэ зэхыхьэшхуэ

**«Юбилейр - бгыхэм» автомобиль зекIуэм хэтхэм Шэрэдж районым щаIущIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ псоми къикIа экипаж 50-м щIигъу.**

АВТОМОБИЛЬ къэжыхьым и лъагъуэр пхрашащ Къэщкъэтау къыщыщIэдзауэ Жэмтхьэлэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Ташлы-Тала къуажэхэм, Хазнидон, Сукан уэххэм, адэкIэ Балъкъэр Ипщэм, Къэщкъэтау къекIуэлIэжу. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым АвтомотоспортымкIэ и федерацэмрэ.

«Псори иджыри зэ дызэщIэзыгъэуIуэ зэхыхьэшхуэу автомобиль зекIуэм хэтхэм захуэзгъэзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым лъагъуныгъэу хуаIэм, зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я хабзэр, мыхьэнэшхуэ зиIэ цIыхугъэр зэрыщыIэр къэзыгъэлъэгъуа къэжыхьыр зи жэрдэмхэмрэ абы и къызэгъэпэщакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуэсщIащ», - КIуэкIуэ Казбек автомобиль зекIуэр иуха нэужь Телеграм-каналым щиIэ напэкIуэцIым щыжиIащ.

**МЭЗКУУ Къан.**



# Къуэжьыкъуей Ипщэми зекIуэр щыдаIыгъ

**Кавказ Ищхъэрэм щыIэ адыгэ жылагъуэхэм ящыщу ипщэ лъэныкъуэмкIэ нэхъ пыIукIуэта дыдэу щысыр ди республикэм и Шэрэдж куейм хиубыдэ Жэмтхьэлэ къуажэрщ. Ар къуршхэм я лъабжьэкIэ щыIэ мэзылъэ Iуащхьэхэм я куэщI дыдэм исщ. АтIэми, апхуэдэ щIыпIэр зи хэщIапIэ жылэр адыгэ лъэпкъым и тхыдэм пщIэ нэхъ щыхуащI къуажэхэм ящыщщ, дэ къызэрытлъытэмкIэ.**

ЖЫТIАМ и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ Бахъсэн щIыналъэм къыщызэрагъэпэща шу зекIуэм зи гугъу тщIы къуажэм къыдэкIахэри зэрыхэтар.

ЗэрытщIэщи, а Iуэхум зыкърагъэхьэлIат Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгу псоми къикIа шухэр. Дыгулыбгъуей къуажэм ищхьэкIэ щыIэ Махуэгъэпс щIыпIэм къыщыщIэзыдзэу километр 12 зи кIыхьагъ гъуэгуанэу 910-нэ лъагапIэм нэсыр якIуащ абыхэм.

Фащэ ящыгъыу шу 525-рэ хъу зекIуэм хэтын папщIэ а жылэм и цIэкIэ кърагъэжьа щIалипщIыр зэщIэзыгъэуIуари зыхуейзыхуэныкъуэхэмкIэ къызэзыгъэпэщари Жэмтхьэлэ къуажэ администрацэм и унафэщI Дэхъу Артурщ. ГуфIэгъуэ щIыкIэм тету шухэр къэзыутIыпщари езыгъэблэгъэжари къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лэжьакIуэхэу Бозий Лерэрэ Къэгъэзэж Залинэрэщ.

**БЭРАУ Бышэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ Гъузер и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Емуз Александрэ Василий и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къызэгъэпэщыныгъэ, финанс зэщIэгъэуIуэныгъэмкIэ и управленэм и IэщIагъэлI пажэ **Кыл Жаннэ Борис и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Кыл Нюсэ Мысост и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.



# Къашъор гум къыщежьэ

**- Сэнэхьатыбэмэ сыдэущтэу къашъор къахэпхынэу хъугъа, сыда ащ уфэзыщагъэр?**

- ЗэкIэ къызщежьагъэр тикъуаджэу Гъобэкъуай, ащ дэжьым сэ къоджэ еджапIэм ия 6-рэ класс сыщеджэщтыгъ. Тянэ-тятэхэр лъэшэу къытфэсакъхэу, Iэдэбым, гъэпсыкIэ тэрэзхэм тафапIущтыгъ, еджэным тегугъун, тызэрэпшъэшъэжъыер зэхатшIэу, тшъхьэ тыфэсакъыжьын зэрэфаер къыдгурагъаIощтыгъ. Сянэу Кобэщэч Асыет Гъобэкъое еджапIэм илъэс 31-рэ кIэлэегъаджэу Iоф щишIагъ. Сянэ ригъэджагъэхэм ащыщ зэлъашIэрэ къэшъуакIоу, «Налмэсым» бэрэ хэтыгъэу, джырэ мафэхэм ансамблэм ихудожественнэ пащэ иIэпыIэгъоу НэмытIэкъо Аслъан. Ащ къэшъоныр (иапэрэ кIэлэегъаджэ - сянэ ихьатыркIэ) пасэу ригъэжьэгъагъ, адыгэ цые цIыкIури фэшIоу фэзыдыгъагъэри сян ары. КIэлэегъэджэ шъыпкъэм лъэныкъуабэкIэ гъэзэгъэ шIэныгъэ хэлъ хабзэ. Сянэ «творческэ цIыф» зыфаIохэрэм ащыщыгъ, лъэшэу орэдыр, музыкэр, къашъор зэхишIэхэу, «дэхагъэм дунаир ыухъумэщт» зэраIуагъэм дыригъаштэщтыгъ.

Сятэу ГъукIэлI Мухьдин адыгэ хъулъфыгъабэмэ афэдагъ, иунагъо, исабыйхэр гупсэфэу зэриIыгъыщтхэм ынаIэ тетыгъ. Ными тыми яIо зэтехьэу, Iуи шIи тимыIэу тыкъэтэджыгъ. Сяти сянэ фэдэу лъэпкъ шэн-хабзэхэр къыгъэгъунэхэу, адыгэ лъэпкъ культурэр ыкIи тифольклор бай икIасэхэу къырыкIуагъ. Егъэзыгъэ хэмылъэу, тыгукIэ тшIоигъор къытпамыуIаеу, IэпыIэгъу къытфэхъугъэх.

Мыщ дэжьым къыхэзгъэщымэ сшIоигъу сшыпхъу нахьыжъэу Ири сэри зыкIи къэшъонзыкъэшIын Iоф тыгу къызэримыхьэщтыгъэр, ау тIуми тпкъыхэр уфэупцIагъэх, шпагат, мостик зыфэпIощтхэр къэтшIыщтыгъэх.

**- Къашъор сыдэущтэу къышъухэхьагъа?**

- 1980-рэ илъэсым, гъэтхапэм Гъобэкъуае еджакIохэм яплъынхэшъ, ахэм къэшъон зылъэкIыхэрэр къахахынхэшъ, музучилищым хореографиемкIэ икъутамэ щагъэсэнхэ ыкIи щырагъэджэнхэ гухэлъ яIэу комиссие къэкIогъагъ. Апэрэу 1979-рэ илъэсым а гухэлъ дэдэр яIэу тикъоджэ еджапIэ къызэкIохэм, сшыпхъу нахьыжъэу Ирэ хахыгъэхэм ащыщ хъугъэу Мыекъуапэ щеджэщтыгъ.

КъызэрэтаIуагъэу, къытэплъынхэр рагъэжьагъ. Апэрэ турыр къоджэ еджапIэм щыкIуагъ, сыкъыхахи, сатхыгъ. СыкъэкIожьи сянэ-сятэхэм хъугъэр ясIуагъ, зэрэсшIоигъом гу лъатагъ, пэрыохъу къысфэхъугъэхэп. ЯтIонэрэр АдыгэкъалэкIэ щыкIуагъ, ащ бжъэдыгъу къуаджэхэм къарыкIыгъэхэр зэкIэ хэлэжьагъ - сыпхырыкIыгъ. Анахь мэхьанэ зиIэ ящэнэрэ уцугъор Мыекъуапэ щызэхащэгъагъ, ЗэIукIэгъу пэпчъ комиссием хэтхэм профессиональнэ екIолIэкIэ гъэнэфагъэ Iофым зэрэфашIырэм гу лъыстагъ. Лъэпкъ къашъор ежь зие лъэпкъым тешIыкIыгъэу, ащ игузэхэшIэ блэрхэр нэм къыкIигъэуцоу зэрэщытым апэрэу, сшIогъэшIэгъонэу сылъыIэсыгъ.

**- Хэта а комиссием хэтыгъэхэр?**

- Ахэр гъэсэгъэ-еджэгъэ зэкIагъэх: Къулэ Амэрбый (Москва еджэпIэшхор къыухи, балетмейстерэу хэкум къыгъэзэжьыгъэкIагъ, адыгэ лъэпкъ къашъохэм афэгъэзэгъагъ), ишъхьэгъусэу Вера Федоровнар - цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм якъашъохэм адэлажьэщтыгъ ыкIи Нина Пануринар - классическэ балетымкIэ кIэлэегъэджагъ. Ящэнэрэ уцугъор кIо зэхъум, ыпэрэхэм анахьэу комиссием зэкIэ зэригъэпшагъ, зэфихьысыжьыгъ - пкъышIуагъэр, нэпкъ-пэпкъ, нэгу зэхэлъыкIэр, сценэм зэрехъулIэщтыр, къэшъокIэ шIыкIэр зэрэIэкIэлъыр ыкIи лъигъэкIотэн зэрилъэкIыщтыр. Ащ пхырыкIыгъэ пшъэшъэжъые 12-м сэри сахэтыгъ, джаущтэу я 6-рэ классым ыуж Мыекъуапэ сыкъакIуи, къашъом илъэгъо цыпэжъые сытеуцуагъ.

**- Мыекъуапэ псынкIэу уесагъа, шъуибынхэм уафэзэщыщтыгъа?** - Тысабый дэдагъ, ау сэ сшыпхъоу Ирэ къыздыдэсыгъ, сапэ итэу еджэщтыгъ, тызэдимысыгъэми, ренэу тызэфэсакъыщтыгъ. Зэлэгъу закIэу тызэхэтыгъ, псынкIэу тызэсэгъагъ. Апэрэ мафэм щегъэжьагъэу, тыныбжь зэримыкъугъэр къыдалъыти, кIэлэпIухэу къытфашIыгъагъэх ХъокIо Зарэ Зэчэрые ыпхъумрэ Хъот Светланэ Хьарунэ ыпхъумрэ, лъэшэу цIыфышIухэу, зафэхэу, тыгухэм къарынагъэх.

**- Сэнэхьатым изэгъэгъотын илъэс тхьапша текIодагъэр?**

- МакIэп. Илъэси 5 зэкIэмкIи. Апэрэ илъэситIур лъэшэу, нэдэплъыпIэ тимыIэу ушъэгъагъэх, еджапIэхэм япрограммэ илъэситIум куоу зэдгъэшIагъ, адрэ илъэси 3-р - сэнэхьатым - къашъом зэрэщытэу пэIухьагъэх. ЫпшъэкIэ къызэрэсIуагъэу, кIэлэегъэджэ дэгъу дэдэхэр тиIагъэх. ШIэныгъэ куухэр сэнэхьатымкIэ дгъотыгъэхэу хореографическэ отделениер къэтыухыгъ, къашъохэм хэшIыкIышхо афытиIагъ, къашъор цIыкIу-цIыкIузэ къытхэхьагъ, тыгу щыщ хъугъэ. «Артист балета народного танца» зыфиIорэ квалификациер тиIэу музучилищыр къэтыухыгъ.

**- IофшIэныр тыда зыщебгъэжьагъэр, сценэм псынкIэу уесагъа?**

- Сэ лъэшэу еджэныр лъызгъэкIуатэ сшIоигъуагъ, ау къэтыухыгъэ еджапIэм ипащэхэм, тикIэлэегъаджэхэм ыкIи къэралыгъо ансамблэу «Налмэсым» иIэшъхьэтетхэм къэшъуакIохэр лъэшэу ансамблэм зэрищыкIагъэхэр, ащ тыхэхьан зэрэфаер, къытщыгугъыхэу къызэрэтажэхэрэр кIагъэтхъыгъ. 1985-рэ илъэсым ишышъхьэIу мазэ щегъэжьагъэу «Налмэсым» икъэшъуакIоу IофшIэныр езгъажьи, илъэс 24-м сценэм сытетыгъ. Къашъом - лъэпкъ къэшъо зэфэшъхьаф дахэхэм сязэщэу зыкIи къыхэкIыгъэп, непи ар сикIас, къызгот, ащ «ыбзэкIэ» къэпIошъущтым гъуни-нэзи иIэп, къашъор гум, псэм атешIыкIыгъ.

**- Артистым имафэ пэпчъ концертхэм, гастрольхэм, гъогу мыухыжьхэм япхыгъ. О угу ахэр сыда къызэринагъэхэр?**

- «Нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуас» аIуагъ. УныбжьыкIэ зыхъукIэ, гур чэф, ренэу кIэ горэм улъэхъу. Сисэнэхьат ихьатыркIэ бэ тымышIэщтыгъэу тлъэгъугъэр. ТыщыIагъ Польшэм, Болгарием, Тыркуем, Сирием. Тихэгъэгушхо икъэлэ шъхьаIэу Москва тиконцертхэр цIыфхэр залхэм ачIизхэу, Iэгутеор жъынчэу бэрэ къыщыттыгъэх.

Къэлэшхоу Ленинград тыкIомэ, мазэрэ тыкъэтэу, Интуристыр къытэпхыгъэу, хьакIабэу къэлэшхом къакIохэрэм адыгэ культурэр ядгъашIэу, джащ фэдэ къабзэу Шъачэ ыкIи Украинэм тигъэразэу Iоф къащытшIэщтыгъ, тэри а зэкIэми нахь тхагъэхъуагъ, зыкъытагъэштагъ.

**- Сценэм укъызтекIыжьым сыда зэхэпшIагъэр? Шъо, къэшъуакIохэм, шъуныбжьыкIэу Iофыр шъогъэтIылъы.**

- Сэ «Налмэсым» сызэрэхэтэу 2007-рэ илъэсым искусствэхэмкIэ Адыгэ республикэ колледжэу Тхьабысимэ Умарэ ыцIэ зыхьырэм студентхэр лъэпкъ къашъомкIэ щезгъэджэнхэр езгъажьи, мыщ къычIэтIупщыгъуи 3 щысшIыгъ. 2013-рэ илъэсым ансамблэу «Налмэсым» ихудожественнэ Iэшъхьэтет шъхьаIэу, балетмейстерэу Хъоджэе Аслъан сыригъэблагъи, репетиторэу лъэныкъуабэкIэ къашъохэрэм IэпыIэгъу язгъэгъотэу Iоф сэшIэ. КъэшъуакIо пэпчъ ыгу, ыпсэ акIэдэIукIызэ къашъор еплъырэм ыгу лъыIэсэу, къинэжьэу къышIыным лъэшэу Iоф дэтэшIэ.

**- БэмышIэу «АР-м инароднэ артист» зыфиIорэ щытхъуцIэр къыпфагъэшъошагъ. Сыда угукIэ зэхэпшIагъэр?**

- Сигопагъ сиIофшIагъэ ащ фэдэ уасэ къызэрэфашIыгъэр, сикъуаджэ, сянэ-сятэхэр, сиунагъо къызэрэсимыгъэукIытэжьыгъэхэр. «Лъэпкъым фапшIэрэр кIодыщтэп» зэраIорэр шъыпкъэ.

**- Тхьауегъэпсэу, уахътэ къыхэпхи тызэрэбгъэгъозагъэмкIэ. СшIошъ мэхъу адыгэ къашъом ыкIуачIэ хэжъугъахъоу, шъуIэтэу лъэпкъым шъузэрэфэлажьэрэр, адыгэ культурэм, искусствэм ялъэпIагъэ нэбгырэ пэпчъ зэрежъугъашIэрэр.**

*ДэгущыIагъэр*
**МАМЫРЫКЪО Нуриет.**

# «СыкъэкIожьыгъэкIэ слъытэрэп, Хэкум сыщыщ шъыпкъ...»

**Едыдж Гушъау - лъэпкъыр зэрыгушхорэ Къэралыгъо академическэ къэшъокIо ансамблэу «Налмэсым» исолист, икъэшъокIо пэрытхэм ащыщ. Илъэс 11 хъугъэ ащ ищыIэныгъэ лъэпкъ къашъом епхыгъэу «Налмэсым» зыхэтыр. КъыгъэшIэгъэ илъэс 32-м щыщэу 21-м Адыгеим щэпсэу, щэлажьэ, лъапсэ щыпхырещы. Шъуашэу, дахэу лъэпкъ къашъом исэнэхьат къыздэхъурэ, рылэжьэрэ къэшъокIо хьалэмэт.**



ГУШЪАУ Тыркуем ит къалэу Анталие къыщыхъугъ. Ятэу Едыдж Мэмэт апэ Хэкум къэкIожьыгъэмэ ащыщ. Бзэ зэгъэшIэн гупчэу «Активым» ипащ. Гушъау илъэс нахь ымыныбжьэу янэу Севиль апэрэу ар Хэкум къыщэгъагъ. А уахътэм бэрэ Адыгеим щыпсэунхэу хъущтыгъэп, яунэгъо Iоф зэтеуцофэ Тыркуем кIохэмэ къэкIожьхэу бэрэ гъогу тетыгъэх. Унагъор зэгъусэу Мыекъуапэ щыпсэунэу зырегъажьэм Гушъау илъэс 11 ыныбжьыгъэр, ар 2001-рэ илъэсыр арыгъэ.

Хэкум къызагъэзэжьым бзэр зэрагъэшIэн фэягъ. Янэрэ ышыпхъоу Гушъэфрэ игъусэхэу Адыгэ къэралыгъо университетым урысыбзэм изэгъэшIэнкIэ курсхэр мэзитIум къакIоцI къыщаухых, нэужым Гушъау Адыгэ республикэ гимназием икIэлэеджакIо мэхъу. Гурыт еджапIэр къызиухыкIэ, Адыгэ къэралыгъо университетым экономикэмкIэ ифакультет чIахьэ ыкIи илъэситфырэ щеджэ, апшъэрэ гъэсэныгъэм идиплом къыдехы. Ышыпхъоу Гушъэф Англием еджакIо макIо, ар къызиухыкIэ Тыркуем Iоф ышIэнэу рагъэблагъэ, ащ щыдакIо, Гъыщмэ янысэ мэхъу. Унагъо исэу пшъэшъитIу епIу.

Гушъау еджапIэм щеджэзэ къэшъоным фэщагъэ мэхъу, лъэпкъ къашъор ыгу рехьы. А уахътэм «Мыекъуапэ инэфылъэхэр» ыкIи «Гуфит» зыфиIорэ къэшъокIо купхэм чэзыу-чэзыоу ахэтынэу мэхъу, лъэпкъ къашъом ишъэфхэр зэрегъашIэх. Къулэ Мыхьамэтрэ Нэныжъ Айдэмыррэ лъэпкъ къашъомкIэ икIэлэегъаджэхэу, ищысэтехыпIэхэу мэхъух. Ащ фэдизым «Налмэсым» иконцерт блимыгъэкIэу Гушъау ансамблэм лъэплъэ, къэралыгъо къэшъокIо купым хэтхэм ясатырэ хэуцоным кIэхъопсы.

Къулэ Мыхьамэт 2012-рэ илъэсым Едыдж Гушъау «Налмэсым» хегъахьэ. Гугъэпlэ дахэу зыдиIыгъыгъэр нэфапIэ мэхъужьы. Гушъау къэралыгъо ансамблэм икъэшъуакIо мэхъу.

Хъоджэе Аслъан «Налмэсым» ихудожественнэ пащэу къызтехьэкIэ, Едыдж Гушъау солистхэм къахегъэуцо. Хьакъуй Анжелэрэ Къулэ Алыйрэ, Бэрзэдж Дианэрэ Едыдж Гушъаурэ къэшъокIо пэрытхэу къызэдэшъох.

«Сыд фэдэ къашъо къэсэшIыми, сипшъэрылъ сэркIэ гъэнэфагъэ. «Налмэсыр къэшъо», «Къафэ», «Ислъамый» зыфэпIощт къашъохэу солистэу тыкъызщыхэкIыхэрэм анэмыкIэу ансамблэм ипрограммэ хахьэрэ къэшIыгъохэм зэкIэми сахэлажьэ ыкIи къарыоу ахаслъхьэрэр зэфэдэ», - хегъэунэфыкIы кIалэм.

Лъэпкъ шъуашэр тешIыкIыгъэу, дахэу къекIоу, теIэтыкIыгъэу, хэхыгъэу, искусствэ лъагэм ишапхъэмэ адиштэу, ыгуи ыпси етыгъэу ащ лъэпкъ къашъор къешIы. Джащ фэдэу къыпшIуегъэшIы Едыдж Гушъау икъэшъуакIэ сценэм зыщыплъэгъукIэ. А чIыпIэм щыIэп зыпари нэмыкI: ежь зыхэтыр къашъом идунай, зигъусэу къыздашъорэм, лъэпкъ мэкъамэу къэIурэм ыпкъ диштэу, лъэпкъ къашъом къыгуигъакIэрэ тамэм зырегъэIэты.

«Уянэрэ уятэрэ укъызэрэшъорэм фэгъэхьыгъэу зыгорэ къыуаIоу мэхъуа, хэт нахь зынаIэ къыптетыр, нахь къыбдезгъаштэрэр? - сеупчIы Гушъау. «Сабыим хэт нахь шIу плъэгъурэ аIошъ, зэреупчIыхэрэм фэд... Ащ шъхьаихыгъэу тырыгущыIэрэп», - Гушъау иджэуап лъэпкъ хабзэм инэпэеплъ, нытыхэр щытхъу гущыIэм пэчыжьэх. ЯIуагъэ блэкIыгъэп - апшъэрэ гъэсэныгъэ зэригъэгъотыгъ, ау ежь ыгукIэ нахь зыфэщэгъэ сэнэхьатыр къыхихыгъ.

Гушъау ятэ Мыекъуапэ щызэхищэгъэ бзэ зэгъэшIэн гупчэу «Активым» иIофшIэн ылъэкI къызэрихьырэмкIэ хэлажьэ. Репетициехэм ауж ащ макIо. Бзэ ягъэшIэгъэным нэмыкIырэ IофшIэнэу иIэ пстэумкIи еджапIэм IэпыIэгъу фэхъу. 2017-рэ илъэсым щегъэжьагъэу пшъэрылъ гъэнэфагъэхэр щыриIэу Гушъау ащ IофшIэныр мафэ къэс щыдехьы.

Ау ыгу зэлъызыубытыгъэ лъэпкъ къашъом кIалэр фэшъыпкъ. «Налмэсым» хэтэу Москва, Санкт-Петербург, Урысыем ишъолъыр пчъагъэхэм, къэралыгъо зэфэшъхьафхэм ащыкIогъэ фестивальхэм, гастрольхэм ахэлэжьагъ. Ансамблэм икъэшъуакIохэм ахэтэу къызщыхъугъэ Тыркуем, Германием, Израиль, Канадэм, Америкэм, Китай кIуагъэ.

«Налмэсым» хэтэу гъэхъагъэу ышIыгъэхэм ыкIи IэпэIэсэныгъэ лъагэу зынэсыгъэм апае «Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артист» зыфиIорэ щытхъуцIэр 2020-рэ илъэсым Едыдж Гушъау къыфагъэшъошагъ.

«Къэшъоным шапхъэу пылъхэмкIэ, илъэс 20-рэ зэпымыоу узхэтыкIэ гъэпсэфыгъо уIукIыжьын уфит. Япсауныгъэ къыхьэу, агукIэ фаехэу, ансамблэм иIэшъхьэтетхэми къафадэмэ, ащ къезыгъэхъухэрэри щыIэх. «Налмэсым» сызэрэхэтыр сэри илъэс 20-м нэзгъэсы сшIоигъу, ар Iоф ухыгъэ сэркIэ хъущт», - еIо кIэлэ ныбжьыкIэм.

«Сыд лъэпкъыр къызкъонэщтыр, Гушъау?» - кIалэм иеплъыкIэ сшIогъэшIэгъонэу сеупчIы. «ЦIыфым дэхагъэу, шIушIэу къызкъуихырэр ары. Унапэ дэхэ къодыекIэ икъурэп, цIыфым изекIуакIи, идунэететыкIи, илъэпкъи, икъэрали, чIыопсэу зыхэтми зэрафыщытым мэхьанэ яI. Культурэм хэтэу Iоф зышIэхэрэм, шъыпкъэ дэдэмкIэ, яIофшIагъэ мэхьанэшхо иI. Мары, Хэкум нахьи IэкIыбым щыпсэурэ адыгэхэм япчъагъэ бэкIэ нахьыб. Ау бзэр зышIэу ахэтыр процент 15 - 20 ныIэп. Лъэпкъым икультурэ, ар зезыхьэхэрэр лъэпкъ лъэмыдж афэхъух. «Налмэсыр», «Ислъамыер», «Кабардинкэр» лъэшэу шIу алъэгъух, къяжэх, яконцертхэр благъэкIыхэрэп. Хэкум нахь пэблагъэ фашIыхэу къащэхъу, лъэпкъ культурэм къыкъонэщтхэу алъытэ.

Сэ сшъхьэкIэ Хэкум тиунагъокIэ тыкъэзыщэжьыгъэ сянэрэ сятэрэ лъэшэу сафэраз. Мыекъуапэ зыпэсшIын щымыIэу шIу сэлъэгъу. АдыгэчIыгум идэхагъэ, тикъушъхьэхэр, тичIыопс сэркIэ апэрэ чIыпIэм итых. СыкъэкIожьыгъэкIэ слъытэрэп, Хэкум сыщыщ шъыпкъэу сэлъытэ!»

Адыгэ Республикэм икъэралыгъо гъэпсыкIэ илъэси 100 зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэу Адыгеим икультурэ и Мафэхэр Урысыем ФедерациемкIэ и Совет бэмышIэу щыкIуагъэх. Къэралыгъо академическэ ансамблэу «Налмэсыр» мэфэкI Iофтхьабзэхэм ахэлэжьагъ.

«Валентина Матвиенкэр ти Адыгэ Хэку дахэу къыфэгушIуагъ, дахэу къытпэгъокIыгъ. Адыгеим икультурэ и Мафэхэм яхэгъэунэфыкIын апэрэп тызэрэхэлажьэрэр, ау мызэгъэгум типшъэдэкIыжь нахь лъэшэу зэхэтшIагъэ, - хигъэунэфыкIыгъ Гушъау. - «Налмэсыр» - лъэпкъым ынап, тызэрыгушхорэ бренд, лъэпкъым тырилIыкIоу зэрэщытыр къэдгъэшъыпкъэжьыныр пшъэрылъ шъхьаIэу щытыгъ ыкIи ар дгъэцэкIагъэ. Сиадыгэ лъэпкъ сызэрэрыпагэрэр сыгукIэ зэхэсшIагъ!»

**ТЭУ Замир.**




# Адыгэ журналистхэр - текIуэныгъитIкIэ

**Дагъыстэным и къалащхьэ Мэхъэчкъалэ шыщхьэуIум (августым) и 25-27 махуэхэм лъэпкъ телевиденэ нэтынхэмкIэ «Голос Евразии» зи фIэщыгъэцIэ, е 5-нэ Урысейпсо фестиваль щекIуэкIащ. Абы хэтащ УФ-м и хэгъуэгу телерадиокомпанэхэр. Я IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъ утыку зэпеуэм щрахьащ Къэрэшей - Черкес телерадиокомпанэм и журналистхэми.**

ЗЭПЕУЭМ кърагъэхьащ программэ 430-м нэблагъэ. ИкIи, гуапэ зэрыхъущи, фIыкIэ зи цIэ ираIуахэм, къыхагъэщахэм ящыщщ КъЧР-м и телерадикомпанэм и адыгэ къудамэр.

А Iуэхухэм нэхъ тегъэчынауэ иджыблагъэ къытхутепсэлъыхьащ Къэрэшей-Черкес телерадиокомпанэм лъэпкъ нэтынхэмкIэ и шеф - редактор Кушпэ Маринэ.

- Лъэпкъ нэтынхэм ягъэхьэзырауэ программи 5 зэпеуэм едгъэхьати, абыхэм ящыщу тIур адыгэбзэкIэ щIат. ТIуми саугъэт лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. ПрограммитIми я режиссёрыр Сидакъ Иринэщ.

«Лучшая программа для детей и юношества» номинацэмкIэ текIуэныгъэр къихьащ «Страна детства» нэтыным. Ар зытеухуар Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыщ Хутэ Аслъэн ищIа гъэсапIэ, узэщIапIэ утыкуращ. Абдежым сабийхэр адыгэ джэгукIэхэм, псынщIэрыпсалъэм, усэ къеджэным хуегъасэ. Псы Iуфэм щытетхащ а программэр. Зи гугъу тщIа номинацэмкIэ япэ увыпIэр къиихьащ. Ар си IэдакъэщIэкIщ. Тезыхар оператор Ашыбокъуэ Мухьэмэдщ, - къыхегъэщ Кушпэ Маринэ.

Къапщтэмэ, сабийхэр дэ тщыщ дэтхэнэми и гъащIэм и Iыхьэ нэхъ лъапIэ дыдэщ. Абы къыхэкIыу сабий программэхэр гум, псэм дэщIауэ, фэрыщIыгъэ яхэмылъу мэхъу.

Сабий нэтынхэм я темэр журналистым къыщIыхих щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр гъэсэныгъэ мыхьэнэращ. Апхуэдэу мыбдежым къыхощхьэхукI адыгэ джэгукIэхэр. Абыхэм къагъэлъагъуэ сабийм и хьэл-щэныр, езы программэми мыхьэнэрэ пкъырэ щIагъэувэ, фэ къытрагъауэ.

Сабийр дэзыхьэх Iуэхуу щыткIэрэ, джэгукIэхэр гъэсэныгъэ Iэмал лъэщщ. Адыгэ джэгукIэхэр куэду гъэнщIащ гушыIэрэ ауанрэкIэ, зэпеуэ хущIэкъуныгъэкIэ, пкъыр зыузэщI Iэбэгъуэ тегъэчынахэрэ теплъэ дахэрэкIэ. Абыхэм гъунэжу хэтщ сабийхэм фIыуэ ялъагъу къебжэкI псынщIэрыпсалъэхэмрэ пхъэидзэхэмрэ, къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм я псэукIэр, я лэжьэкIэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр, щIыхьыр, лIыгъэр Iупщ! зыщI теплъэгъуэхэр. ДжэгукIэхэм сабийхэр драгъэхьэх лъэщу, бэшэчу, пкъы псынщIэу щытыным, творческэу гупсысэным, текIуэныгъэм хущIэкъуным, хуэпабгъэным.

А джэгукIэхэм лIыщIыгъуэ куэд хъу тхыдэ яIэщ. ЛIакъуэхэм зэIэпахыурэ, ахэр ди нобэрей лъэхъэнэм къынэсащ, ХьэкъыпIэкIэ а лъапIагъэхэращ Кушпэ Маринэ и нэтыным къыщигъэлъэгъуари.

Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм я хъумакIуэу къыщIэкIащ ди нэхъыжьыфI Хутэ Аслъэн. Аращ «Страна детства» программэм пкъы дахэ щIэзыгъэувар, аращ «Голос Евразии» фестивалым и номинацэм щIытекIуар.

ЕтIуанэ программэм - «Народные приметы черкесов» жыхуиIэм саугъэт щхьэхуэ хэхауэ, фIыщIэ тхылъи щIыгъуу кърататщ. Зыгъэхьэзырар Ещэр МыIуминатщ, операторыр Урым Ислъамщ.

Саугъэт хэха зылъагъэса «Народные приметы черкесов» программэр щIэныгъэ къызыхах нэтынщ. Мыбдежым къыщыгъэлъэгъуащ адыгэхэм я лъэпкъ философиер. ЛIыщIыгъуэхэм я кIыхьагъым зи тхыдэ хэкум щыпсэужа лъэпкъым къыхудэхуащ щIыуэпс къэхъугъэ къызэрымыкIуэхэм япэщIэтын, бгъэдыхьэкIэщIэхэр къигъэIэрыхуэн, щIэныгъэщIэхэр зыхиубыдэн.

ИужькIэ ахэр цIыхубэ нэщэнэ хъужащ. Лъэпкъ щэнхабзэм и Iыхьэ щхьэхуэр нэрылъагъу зыщIщ псы Iуфэм, мафIэ пащхьэм щытраха программэр. МафIэр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я дежкIэ гъащIэм епха мыхьэнэ зиIэ (сакральнэ) пкъыщ. Программэр мыхьэнэ хэхарэ теплъэ дахэрэкIэ ирагъэкъужащ адыгэ Iэнэм тет, гурыIупсыр къэзыгъажэ шхыныгъуэ IэфIхэм.

Фестивалыр теухуауэ щытащ Урысейм и щэнхабзэ щIэиныр хъумэным и Илъэсым. Жюрим и унафэщIу щытащ ВГТРК-м и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ, хэгъуэгу Департаментым и унафэщI Сабитов Рифат.

Ари жыIэпхъэщи, мыпхуэдэ зэпеуэхэр куэдрэ екIуэкIкъым икIи абы текIуэныгъэр къыщыпхьыным пщIэшхуэ пыщIащ.

Ди адыгэ радиотележурналист нэхъыжьхэм ящыщ ЩакIуэ Мусэлы зэрыжиIамкIэ, ди адыгэ пщащэхэм къагъэлъэгъуащ IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъ ин икIи яхуэфащэ дыдэу кърататщ саугъэтхэмрэ фIыщIэ тхылъхэмрэ.

Дэри абы щIыдгъужынщи, Тхьэм яхуигъэбагъуэ я ехъулIэныгъэхэмрэ абыхэм къапэкIуэ саугъэтхэмрэ!

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ.**

КъШР

# Зэныбжьэгъугъэ гъуэгукIэ

**Иджыблагъэ хьэбэздэс Жумай Анзор: «ХьэщIэ сиIэщ, фыхуэзамэ си гуапэт, фэри ффэгъэщIэгъуэныну къысщохъу...», - жери редакцэм къэпсэлъащ. Езыр зэрылъэпкъыгум, ныбжьэгъухэр дэнэ къуапи зэрыщиIэм дыщыгъуазэкIэрэ, иджырей ди зэIущIэри куп щIэншэ зэрымыхъунум шэч къытедмыхьэу, кIэщIрэ псынщIэу гъуэгу дытехьащ.**



АДЫГЭ фащэр екIупсу зыщыгъ Жумай Анзоррэ къэрал нагъыщэ зэхуэмыдэхэр къызыхэлыдыкI кIэстум фIыцIабзэм сыкъ жэуэ зи Iэпкълъэпкъыр ит урысылIымрэ Хьэбэз къуажэку уэрамым къыздрикIуэм гулъытэ куэд къахьэхуагъэххэт. Ауэ, Анзор и къуажэгъухэм къацIыхуми, щIыгъу урысылIым зыри хацIыхукIтэкъым: хэт ар, сыт къыщIэкIуар? Ауэ, IуэхущIафэ къызэрымыкIуэхэм дихьэх Анзор щIыгъури къызэрымыкIуэ цIыхуу зэрыщытыр хьэкът.

- Марыхъу къуажэм сыкъыщыхъуащ. Къардэныдж сыщыпсэуащ. Иджы си псэупIэр Саратов областым хыхьэ Энгельс къалэращ, абы сыкъикIащ. Илъэс къэс сытемыпыIэжу сыпоплъэ си Iыхьлыхэр здэпсэу, си анэр здэпсэуа, дэнэ сыщымыIами зыми пэзмыщI си хэку, си Кавказ гъэмахуэ хъууэ сыкъыщыкIуэным, - жи урыс лIым...

Абы и псалъэм къыпещэ Анзор.

- Мыр Колосов Александрщ. ЛъэпкъкIэ урысщ. Дяку илъэс куэд зэныбжьэгъугъэ дэлъщ. Гъэсэныгъэ нэс зыхэлъ, зыкъыщыхъуж хьэл-щэныр зи хамэ, лъэпкъ-зэхэгъэж зымыщI, ерыскъыкIэ, хьэщIэкIэ къызэрымыкIуэу цIыху жумартщ си ныбжьэгъужьыр.

ДызэзыгъэцIыхуар езыри сэри дызыдихьэх «коллекционированэ» Iуэхуращ. Александр нэхъыбэу гулъытэ зыхуищIыр авиацэм ехьэлIаращ. Аращ ди зэныбжьэгъугъэр къыздежьари.

Авиамоделированэм щыдихьэхаи, щIыдихьэхаи Колосовым ицIыхукъым, ауэ фIы дыдэу ецIыхуж а кружокыр.

- Пионерхэм я Унэ Зеленчук станицэм дэтт. Абдеж авиамоделированэмкIэ кружок щылажьэти, Къардэныдж станицэм сикIыурэ лъакъуэрыгъажэкIэ Зеленчук махуэ къэс сыкIуэт, дерсхэм сыщIэст, зэхьэзэхуэхэм сыхэтт, уэгум, кхъухьлъатэхэм, авиацэм ехьэлIауэ сыт хуэдэ щIэщыгъуэ слъагъуми зэхэсхми нэхъуеиншэу зыхэзубыдэт, - игу къегъэкIыж Колосовым.

Курыт еджапIэм щеджа илъэсхэм къриубыдэу щIалэ цIыкIум и нэр къызыхуикIым хуищIа хьэщыкъыр нэхъри къеблащ. Курыт еджапIэр къызэриухыу, Ставрополь авиаучилищэм щIыхьэну еунэтI. ТIэунейрэ щIыхьэну пылъащ, къехъулIакъым. Ауэ и натIэм кърихам ирихьэлIэну къыхуиухагъэнти, дзэм къулыкъу ищIэну щыдашми, зыхэхуар кхъухьлъатэхэм, ракетэхэм я гъэлъэтапIэ, тIысыпIэ Байконур къулыкъу зыщIэхэращ. Абдеж щыIэу, комнадирым рапорт хуетхри, Алма-Ата макIуэ. Абдеж медкомиссэр тыншу зыпэщIегъэкIри, Тамбов къалэм дэт лётнэ училищэм, «бомбардировочнэ» авиацэм хохуэ.

- «Истребительскэ» авиацэрат сызыхуеяр, ауэ ещанэ зепщытыгъуэкIэ си насып къихьам хэдэхэплъэ хуэсщIыжыну сыхуейтэкъым, - игу къегъэкIыж Колосовым.

1981 гъэм Александр училищэм щеджэну макIуэ икIи «лётчик дальней авиации, лётчик-инженер» IэщIагъэр иIэу къеухри, Энгельс къалэм лэжьапIэ яунэтI.

Колосов Александр авиаIуэхут Хьэбэз курыт еджапIэм къезышэлIар. АтIэ, мы еджапIэм Адышэс Азэмэт и нэIэм щIэту щолажьэ авиамоделированэмкIэ кружок гъэщIэгъуэн. Абы кIуэ щIалэ цIыкIухэм яфIэгъэщIэгъуэн дыдэу Колосовым и дерсым щIэдэIуащ, IэрыщI кхъухьлъатэ цIыкIухэр ягъэ-лъэтащ. Армырами, уэгур я плъапIэрэ хъуэпсапIэти, я гухэлъхэр нэхъри зэщIэрыуащ.

Хьэбэз еджакIуэ щIалэ цIыкIухэр зыхуэхъуапсэ мамыр гуащIэр, иужьрей хьэргъэшыргъэхэр зэрипхрэ къэпщытэжыныгъэ хуищIу, куэд зи нэгум щIэкIа, уафэмрэ щIылъэмрэ зэзыпха кхъухьлъатэзехуэм жеIэ:

- ФIыщIэ хуэфащэщ щIалэ цIыкIухэр Iуэху узыншэм хуэзыунэтI, авиацэм теухуа щIэныгъэ языт Адышэс Азэмэт. Абырэ сэрэ дызэрызэхъуэжэн, дызэрызэчэнджэщын куэд зэдэдгъуэтынущ. Тхьэм игъэпсэу дызэзышэлIа Жумай Анзор.

КъинэмыщIауэ, дэтхэнэ щIалэ цIыкIури щIохъуэпс летчик хъуну. Хэт ищIэрэ, Азэмэт и дерсхэр, и унэтIыныгъэр щIэдзапIэ яхуэхъуу, дяпэкIэ зи цIэхэр зэхэтхын кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуэхэр адыгэ лъэпкъым къахэкIынкIэ мэхъу абыхэм.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ.**

# Еджагъэшхуэ, цIыху щыпкъэ

**ЗэчийкIэ Тхьэр зыхуэупса щIэныгъэлI, журналист, адыгэ мифологием, щэнхабзэм, хабзэм ехьэлIа монографие, щIэныгъэ тхыгъэ, тхылъ бжыгъэ зи IэдакъэщIэкI, IуэрыIуатэхэр зэрыт тхылъ бжыгъэ зэхуэзыхьэсыжа, художественнэ новеллэ, пьесэхэм я автор, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Къэрэшей-Шэрджэс щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и IуэрыIуатэ къудамэм и унафэщIу щыта, цIыху щыпкъэ - апхуэдэт Мыжей Исмэхьил и къуэ Михаил, иужьрей адыгэ джэгуакIуэшхуэ Мыжей Сэхьид и къуэрылъхур.**

МЫЖЕЙ Михаил 1937 гъэм Черкесск къалэм къыщалъхуащ. Лъэпкъым и цIыху пэрыт куэд къыщIэзыгъэкIа, Черкесск къалэм дэт лъэпкъ еджапIэ-интернатыр медалкIэ къиуха нэужь, Михаил 1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым щеджащ. А илъэс дыдэм Къэрэшей-Черкес къэрал телерадиокомитетым адыгэбзэмкIэ щIалэгъуалэ-сабий нэтынхэм я редактору щIедзэ. 1966 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху ар щылэжьащ Къэрэшей-Черкес щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, иужьрей илъэсхэм - адыгэ IуэрыIуатэмкIэ къудамэм и унафэщIу.

1972 гъэм Мыжей Михаил адыгэ мифологие, дауэдапщэ усыгъэмкIэ кандидат диссертацэр пхигъэкIащ. Абы IуэрыIуатэм хуиIа фIылъагъуныгъэм и фIыгъэкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылэжьэху зэхуихьэсыжыфащ, къыдигъэкIыжащ жанркIи теплъэкIи зэхуэмыдэ материал телъыджэхэр, къэхутэныгъэхэри щIыгъуу. И цIэ къитIуапхъэщ «Адыгэ хъыбархэр» (Черкесск, 1986), пэублэ псалъэ гъэщIэгъуэн зыхуищIам. Мы сборникым хыхьащ пасэрей адыгэ новеллэу 100-м щIигъу, апхуэдизыр зэуэ япэ дыдэу къыдэкIащ. Мы хъыбархэр ди лъэпкъым и художественнэ тхыдэщ, адыгэ IуэрыIуатэм и нэхъ узыIэпызышэ Iыхьэщ, тхыдэм и гъуджэщ, абы къыхэкIыу щIэблэщIэм зегъэужьынымкIэ уасэ зимыIэщ.

Мыжей Михаил и гъащIэр журналист лэжьыгъэмкIэ къыщIидзауэ щытащ, икIи а IэщIагъэр IэщIыб ищIакъым. Ар радиомкIэ куэдрэ къэпсалъэт, газетхэм щIэныгъэ, жылагъуэ-политикэ, нэгъуэщI Iуэхухэм теухуа тхыгъэхэр къыщытригъадзэт. Публицистикэм къызэщIеубыдэ IуэрыIуатэлъыхъуэ экспедицэхэм кърикIухэм зи гугъу щищI тхыгъэхэр, литературэ-критик статьяхэр, рецензиехэр...

Илъэс 30 мы гъэм ирокъу Мыжей Михаил дунейм зэрехыжрэ. Шэчыншэу, щIэныгъэлIым и фэеплъыр дунейм къытенащ. Абы кърыгъэжьа Iуэхухэр зыгъэкIуэтэфыни къыщIэнащ: ипхъу нэхъыжь Пащты Мадинэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетыр къиухащ, и адэр фIыуэ къэзыцIыхуу щыта адыгэ щIэныгъэлI пашэхэу КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, Гъут Iэдэм сымэ я гъэсэнщ. Иджы дыдэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор хъуащ.

Мыжей Михаил и цIэр фIыуэ къыщацIыху Ищхъэрэ Кавказым, Куржым (Грузием), Москва щыщ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм. Ар цIыху щыпкъэу, псэ къабзагъэмрэ адыгагъэмрэ и щапхъэ нэсу дунейм тетащ. Абы иригушхуэнущ ди лъэпкъым къыщIэтэджэну щIэблэхэр.

**БРАТ Хьэсин,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат.*

# И къэухьыр инт, жыжьэ плъэфырт

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, республикэм и зыужьыныгъэм Ахъмэт Мусэбий хуэдэу зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа куэд бгъуэтыну къыщIэкIынкъым. ГъащIэ кIыхь имыIами, абы илэжьа псор зылI хузэфIэкIыну фIэщщIыгъуейщ.**





Хьэжу Анатолэрэ Ахъмэт Мусэбийрэ.



И лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ я гъусэу. *1972 гъэ*

АХЪМЭТЫР 1922 гъэм Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь фронтым дэкIащ. Ар хэтащ 32-нэ армэм, бийм пэщIэтащ взводым и командиру, офицеру. Къэмылэнджэжу фашистхэм зэрезэуам и щыхьэтщ адыгэ щIалэм кърата «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, медалхэр. Зауэм къыщикIыжар 1947 гъэрщ. И адэжь щIыналъэм къызэрысыжуи лэжьапIэ кърататащ. ЯпэщIыкIэ комсомол Iуэхум пыщIауэ щытащ. Жыджэру зыкъэзыгъэлъэгъуа щIалэм иужькIэ къыхуагъэфэщащ парт IэнатIи. Обкомым и инструктору, къудамэм и унафэщIу лэжьащ. И Iуэху зехьэкIэр къабыл зэращIам и нэщэнэу, 1952 гъэм абы и пщэ далъхьэ жэуапышхуэ зыпылъ къалэн: илъэс 30 фIэкIа и ныбжьыр мыхъуауэ, партым и Шэджэм райкомым и япэ секретару хах.

Мусэбий къыгурыIуат кърагъэза дзыхьыр игъэпэжын папщIэ и зэмани и щIэныгъи емыблэжу зыIуува IэнатIэр зэрихьэн, цIыхур зэщIигъэуIуэн, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр къигъуэтын зэрыхуейр икIи и щхьэ, и унагъуэ Iуэхум ипэ къэрал Iуэхур иригъэщу лэжьыгъэм пэрытащ. IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я тIасхъапIэр, къыкIэрыхухэр сэтей къищIу, ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжыным и гупсысэр, и лэжьыгъэр хуиунэтIу щыIащ Шэджэм щIыналъэм. УнафэщI зэхуэмыдэхэми, цIыху къызэрыгуэкIхэми ялъагъурт, зэхахырт абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэр зыхуэдэри, зэман кIэщIым къриубыдэу и пщIэр районым щыдэкIуеят.

Ещхьыркъабзэу, гугъу зыщригъэхьащ Шэджэм щIыналъэм иужькIэ здагъэкIуа Бахъсэни. Партым и райкомым и тхьэмадэу а щIыналъэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ, гъавэ щIэныр, Iухыжыныр и гуащIэгъуэу щекIуэкI къуажэ губгъуэхэм зэпымыууэ кIуэуэ, цIыхухэм яхыхьэу, чэнджэщ яриту, я гурыгъу-гурыщIэхэр зригъащIэу, сэбэп яхуэхъуу. А лъэхъэнэм, 60 гъэхэм я пэщIэдзэм, Бахъсэн щIыналъэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм, псом хуэмыдэу мэкъумэш хозяйствэм зиужьу хуежьамэ, Мусэбий и фIыщIэшхуэ зэрыхэлъым шэч хэлъкъым.

1963 гъэм Ахъмэтыр ягъакIуэ Аруан щIыналъэм. Абы къалэн къыщащIат IэнатIэ зэхуэмыдэхэр къэIэтыныр, егъэфIэкIуэныр. КIэщIу жыпIэмэ, а щIыналъэр ипэкIэ игъэкIуэтэну, къиIэтыну къыщыгугъыу а Iуэхур и пщэ къыдалъхьащ. Мусэбий абы къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщригъэкIуэкIам и щыхьэтщ, и IэнатIэм зэрыпэрыувэрэ куэди мыщIауэ, гъавэ къэлэжьыныгъэмкIэ районым ехъулIэныгъэшхуэ зэрызыIэригъэхьар, республикэм бжьыпэр зэрыщиубыдар. ИкIи апхуэдэ Iуэхур гулъытэншэу къэнакъым: 1966 гъэм Ахъмэтым къыфIащащ «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр. А текIуэныгъэр Аруан куейм къихьын папщIэ Мусэбий етIысэхакъым, щхьэх, езэш ищIакъым - нэхулъэ къыщищIым къэтэджырт, чэзууэрэ къуажэхэм кIуэрт, лэжьыгъэр зэрекIуэкIым и нэIэ тет зэпытт.

ИщIэнур и пщэ къэс пэтми, Мусэбий зэман къигъуэтырт и псэм и щIасэ Iуэхум - шы спортым, адыгэшыр нэхъыбэ щIыным, шыгъажэш къэгъэхъуным, гъэхьэзырыным пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIигъэкIыну. Ар Къэбэрдейм и мызакъуэу, къэралым и щIыпIэ куэдым къыщацIыхуу щытащ, шы Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIыр, абы теухуауэ куэд зэрызэфIигъэкIыр ящIэрти. Мы тхыгъэр зыгъэхьэзырахэм ящыщ сэ, Мухьэрбий, 5-нэ классым сызэрыщIэс лъандэрэ и нэIэ къыстетащ Мусэбий. Псыхуабэ сишэрэ шыгъажэм сыхигъэту, ар зэфIэкIа нэужь ди унэ сыкъишэжу. ИужькIэ, ипподромым и нэхъыжьу сыщагъэувам щыгъуэ, мурадышхуэ диIащ Ахъмэтым сэрэ: манеж жыхуаIэр шыр къыщыфэ, щыджэгу, къыщылъэ щIыпIэмрэ шы-спорт школымрэ зы тщIыну. Абы и проектыр дгъэхьэзырри, Москва тхуэ, хэ дыщыIащ пхыдгъэкIыну, арщхьэкIэ и кIэм тхунэгъэсакъым, Мусэбий пасэу дунейм зэрехыжам къыхэкIкIэ.

Ар къэбгъуэтын, уепсэлъылIэн щхьэкIэ пщэдджыжьым сыхьэтиплIым укIуэн хуейт и лэжьапIэм. И пэш пэIущIэм щIэс дэIэпыкъуэгъум жриIарат: «Си деж хьэщIэ гуэр щIэмысмэ, е зэIущIэ емыкIуэкIмэ, Мухьэрбий къызэрыкIуэу занщIэу къыщIэгъэхьэ». Дызэхуэза нэужь, шым теухуауэ сыхьэт ныкъуэкIи, сыхьэткIи, нэхъыбэжкIи сыщиIыгъ щыIэт ди Iуэху зытетым, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу щыгъуазэ зищIу.

УкъыщIэхуамэ къошхыдэнут, уи Iуэхур фIыуэ зепхьэмэ къыпщытхъунут. Уи лэжьыгъэм дахэу, къабзэу убгъэдэтмэ, къыпхуимыщIэн щыIэтэкъым, ауэ Iэпэдэгъэлэл пщIамэ, ари къыбжиIэнут уи нэр ирищIу. Сыт хуэдэ утыкуми и гум илъыр, пэжу къилъытэр щыжызыIэф цIыхут ар. Къехьэкl-нехьэкl иIэтэкъым. ИтIанэ езыр цIыху къызэрыгуэкIт, «сыкъулыкъущIэщ» жиIэу и пэр дригъэзейртэкъым. Хэти епсэлъэнут, Iумпэм имыщIу, хэти дэтIысынурэ дэшхэнут. Шы Iуэхум, абы пыщIа си лэжьакIуэхэм ятеухуауэ зыгуэр зэхуэмыхъумэ, сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн къытхуэхъурт - шы къэсщэхуну ахъшэ сыхуэныкъуэми, лэжьыгъэ IуэхукIэ зыщIыпIэ сежьэну машинэ сыхуейми - сыт и лъэныкъуэкIи зыкъытщIигъакъуэрт. ХузэфIэкIыу, зэи сыкъигъэщIэхъуакъым. ИтIанэ ди тренер, спортсмен зыбжанэм абы и фIыгъэкIэ фэтэр кърататащ.

Ди шыгъэжапIэр яухуэн ипэкIэ къэхъуа мыпхуэдэ Iуэху сигу къокIыж. Ди Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу лажьэрт зылI, Моргачев унэцIэр зэрихьэу. Ухуэныгъэмкlэ жэуап зыхьыр арат. Еуэри, Ахъмэтымрэ абырэ щызэхуэзащ шыгъэжапIэр щаухуэну Мусэбий къыхиха щIыпIэм. Моргачевым ар имыдэу жеIэ: «Сэ сы-Моргачевкъым мыбдеж унэ зэтет зыбжанэ щезмыгъэщIмэ». Мусэбий абы педзыж: «Сэ сы-Ахъмэткъым, зы махуи сылэжьэнкъым, мыбдеж шыгъэжапIэ щезмыгъэухуэмэ. Унэ зэтет щыпщIын нэгъуэщI щIыпIэ ди куэдщ». ТIури Мэлбахъуэм ириджэри, жаIэм едэIуащ. Арати, къыдиIыгъащ Мусэбий и мурадыр.

А лIым фIыуэ хужыпIэ мыхъун щыIэкъым. Ди Налшык шыгъэжапIэм дыщыщыIэми, Псыхуаби Ростови дыщыкIуэми пщэдджыжь нэмэзым накIуэрэ ди Iуэху зытетыр зригъащIэу, ди ныкъусаныгъэхэр сэтей къищIыфу, шым зыгуэр и лажьэмэ, ар къилъагъуфу апхуэдэт. ИтIанэ шым и шхыныр зыхуэдэр къипщытэрт, абы фошыгъу, хуэнщIей етын хуейми, зэнтхъ егъэшхыпхъэми, мэкъумылэр зыхуэдэри зригъащIэрт. Ахэр мытэмэму щытмэ, шыр зейм фIы щIихынутэкъым.

Илъэс 11-кIэ Аруан районым и унафэщIу щытауэ, 1974 гъэм Ахъмэтыр аргуэру ягъакIуэ нэгъуэщI лэжьапIэ: мэкъумэш хозяйствэр техникэкIэ, мылъкукIэ зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ къэрал комитетым и унафэщIу ягъэув. А лъэхъэнэм иджыри зэ наIуэ хъуащ Мусэбий къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытыр. Абы щыгъуэ а IуэхущIапIэм хиубыдэ язынықъуэ IэнатIэхэм я Iуэхур пщIэгъуалэтэкъым. Псалъэм папщIэ, колхозхэр, совхозхэр техникэкIэ, абы ирахьэлIэ пкъыгъуэхэмкIэ къызэзыгъэпэщ сату базэр ещIэкъуауэрт. Техникэ иту вагон къэкIуамэ, махуэ зыбжанэкIэ щамыунэщI щыIэт, цIыхур яхурикъуртэкъым, мащIэт къахь улахуэри.

Мы тхыгъэр зи Iэдакъэ къыщIэкIаитIым языхэз сэ, Iэмырхъан, абы щыгъуэ сату базэм сринэхъыжьт. Зы махуэ гуэрым Ахъмэтым солъэIу: «Ди Iуэхур зэтес хъунымкIэ СССР-м и «Мэкъумэш техникэм» и нэхъыщхьэ Ежевскэм зыхуэбгъазэу къыддэбгъэIэпыкъуамэ арат», - жызоIэри. Зэманышхуэ дэмыкIыу Мусэбий къызегъащIэ а лIым телефонкIэ зэрепсэлъар икIи махуэ гъунэгъухэм Москва дыкIуэн зэрыхуейр. Арати, тIури дытоувэ гъуэгуанэ. Дынос «Мэкъумэш техникэм» и хэщIапIэм. Ежевскэм и пэш пэIущIэм, абы и секретарыр зыщIэсым, цIыхур щIэзт: лIыщхьэхэт псори: обкомхэм я секретархэр, Совет Армэм къулыкъушхуэ щызыIыгъхэр, генерал-майор нэхъ лъахъшэ яхэмыту. Абы дызэрыщIыхьэу секретарыр къыщолъэтри щIоупщIэ: «Уэра Ахъмэтыр?» «Сэращ» щыжиIэм, цIыхубзыр нэхъыщхьэм деж щIохьэ. Асыхьэту бжэр къыIуехри, Ежевскэр къыщIокI, абы ежьэу щысхэм къыхуагъэгъуну йолъэIури, Мусэбий щIешэ и деж. Сэ сщIэркъым а тIур зытепсэлъыхьар, ауэ сыхьэт ныкъуэм щIигъукIэ щIэсауэ къыщIокIыж, дызыхуей тхылъымпIэр иIыгъыу. Абы итт РСФСР-м и «Мэкъумэш техникэм» и нэхъыжьым хуэгъэза унафэ - дызытекIухьар тэмэму тхузэфIигъэкIыну и пщэ ирилъхьэу. Ди Iуэхур зытеухуарат: сату базэр производственнэ объединенэу зэтхъуэкIыну, дгъэлажьэхэм етт хьэкъым яхущIыдгъуну, дызрикъуным хуэдиз цIыхуи къэтщтэну. Урысейм и «Мэкъумэш техникэм» и унафэщI Босенкэ деж дыкIуэри, ди Iуэхур хъарзынэу зэфIэкIауэ дыкъэкIуэжащ. Абы иужькIэ Налшык и «Мэкъумэш техникэ» объединенэ дыхъуащ, IэнатIэм и нэхъыжьу сагъэуври, дызыхуейм хуэдиз цIыхуи къэтщтащ, я улахуэри хэпщIыкIыу къэтIэтащ. Вагонхэр и чэзум зэрыдмыунэщIым папщIэ гъущI гъуэгур зи унафэ щIэтхэм дагъэпшын ахъшэри IэнатIэм къытхуэнэжащ. А псор нэхъыбэу зи фIыщIэр Мусэбийщ, иIа пщIэрщ.

Абы щыгъуэ къаугъэ хадзауэ щытащ Ахъмэтыр. Партым и Октябрь райкомым и унафэщIхэм Iуэху къаIэтащ «жэуапышхуэ зыпылъ апхуэдэ IэнатIэм партым хэмыт цIыху щхьэ бгъэува?» жари. СщIэркъым зэрызэгурыIуа щIыкIэр, ауэ а Iуэхури зэтес ищIауэ щытащ Мусэбий.

Псом хуэмыдэу дэ дгъэщIагъуэрт Ахъмэтым и къэухьыр зэрыиныр: цIыху къызэрыгуэкIым и акъылым къитIэсэнутэкъым а лIым и гупсысэр здынэсыр: ар зыщымыгъуазэ, фIыуэ зыхимыщIыкI Iуэхугъуэ щыIэу ди фIэщ хъуртэкъым. ИтIанэ, нэхъ хьэлэмэтыжыращи, зыгуэр щхьэкIэ къыбгъэдыхьа цIыхум и жьэр зэтримых щIыкIэ зыхуейр къищIэрт, апхуэдизкIэ тхьэгурымагъуэти.

Пасэм щыгъуэ Китайм щыпсэуа цIыхушхуэ, философ Конфуций жиIэгъащ: «БлэкIа зэманым дерс къыхэзыхыу Iуэхущ Iэ къезыхьэжьэм егъэджакIуэ хъуну хуэфащэщ». Апхуэдэ цIыхут Мусэбий, ар ди егъэджакIуэт, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм.

Илъэс 40-м нэсащ а цIыху телъыджэр къызэрытхэмытыжрэ. Ауэ, фэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу жытIэнщи, дыпсэухукIэ Ахъмэт Мусэбий дигу ихунукъым: зи гъащIэри, зи гуащIэри Къэбэрдей-Балъкъэрым, хэкум тыхь яхуэзыщIа, цIыху хуэдэ цIыхуу дунейм тета, лъэужь узыншэ къытхуэзыгъэна лIы гъуэзэджэм и фэеплъыр тхъумэну ди къалэнщ абы дэлэжьахэми, ар зыцIыхуу щыта псоми.

**КЪУНЫЖЬ Мухьэрбий**,
*Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер.*

**КЪУЩХЬЭ Iэмырхъан**,
*ЩIДАА-м щIыхь зиIэ и академик.*




# Шыгъажэ кIыхьхэм я щIыналъэ

**ЛIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ лъэпкъым и пщIэр зыIэт адыгэшым и ехъулIэныгъэхэри напэкIуэцI дахэу хоувэ ди гукъэкIыжхэм.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым шыгъажэ кIыхьхэр 1980 гъэ лъандэрэ щрагъэкIуэкIын щIадзэжащ. Налшык ипподромырт дунейм щызекIуэ хабзэхэм тету япэ гъэунэхугъуэхэр щащIар. Ди щIыналъэм зыщцызыгъэса шууиплIыр иужькIэ хэтауэ щытащ Швецием щекIуэкIа Дунейпсо шыгъэджэгум.

1989 гъэм Шыгъажэ кIыхьхэмкIэ зэхьэзэхуэу СССР-м япэ дыдэ щызэхэтам щызэпеуа псори КъБАССР-м икIат. Рязань дэт, Шы гъэхъунымкIэ урысейпсо институтым и жэрдэмкIэ екIуэкIа а зэпеуэм ягъэкIуат Жыгун Б. ЩIалэр зытеса Къарэ адыгэшым зы сыхьэтым хуэзэу километр 15,6-рэ псынщIагъ къигъэлъагъуэри, дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну пщIэр къиихьэхуауэ щытащ.

СССР-м щекIуэкI зэхьэзэхуэм уагъэкIуэн папщIэ, РСФСР-м ущытекIуэн хуейтэкъэ? Километри 120-м къыщцызэдэжэным теухуауэ РСФСР-м щекIуэкIа зэпеуэм ди щIыналъэм щыщу шууей 15 хэтауэ жаIэж: Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу гупитI, дэтхэнэ зыми шу плIырыплI хэту, шу зырызу - 4, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу - 2, Мэзкуу областым щыщу - 1. ТекIуэныгъэр зыIэрыхьар ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа, Къарэ хакIуэм теса Жыгунырщ. Километри 120-м абы тригъэкIуэдат сыхьэти 7-рэ зы дакъикъэрэ, секунд 40-рэ. И псынщIагъыр - зы сыхьэтым хуэзэу километр 17,1-рэ зэпичат. ЕтIуанэ увыпIэр Чокинг шым тесу ЛIэужь А. къихьат. Ар ипэрейм къызэрыкIэрыхуар дакъикъи 5 къудейщ. Ещанэ увыпIэр зэдагуэшауэ щытащ Барон шым теса Ташилов С.-рэ Лашын шым теса Абазокъуэ З.-рэ. А зэманми къызэрызэдэжэр нобэрей хабзэхэм тетут. Ауэ километри 160-р Iыхьиплыу гуэшат.

Лъэхъэнэм зихъуэжу къэралым шыгъажэ кIыхьхэр щызэхаублэжым, япэ лъэбакъуэр щачари Къэбэрдей-Балъкъэрырщ. «Конный мир» газетым къытехуауэ щытащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIэ 34-нэ шы заводым 2000 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24 - 26-хэм щызэхэтауэ щыта зэхьэзэхуэм и хъыбар: «Хьэрхуэрэгъухэм зы Iэмали къыхуамыгъанэу, КъБР-м щыщ шууейхэм текIуэныгъэ увыпIэ псори яубыдащ». Япэ увыпIэр абы къыщихьат Нартан щыщ Мэрем Елдар, Тэн адыгэшым тесу. ЕтIуанэр - Финанс зи цIэ адыгэ-инджылызым теса Щадз Заур къихьат. Ещанэр - адыгэ-инджылыз лъэпкъым щыщ Ашэмэзым теса Зыхъуэ Замир.

«А мазэ дыдэм Мэзкуу щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Щадз Зауррэ Зыхъуэ Замиррэ я зэфIэкIыр щыщIагъэбыдэжащ», - итхырт «Конный мир»-м.

Аращи, нобэр къыздэсым Урысейм шыгъажэ кIыхьхэмкIэ и япэ чемпиону къалъытэр Мэрем Елдарщ. Хамэ къэрал зэпеуэм ягъэкIуэну зыхуэфащэхэр къыхащыпыкIын папщIэ, къэралым япэу щызэхаублауэ арат ветеринархэмрэ хеящIэхэмрэ зрагъэблэгъа, шухэм километри 120-рэ зэпачыну къащыпэщылъ шыгъажэр. Абы ухагъэхьэн папщIэ, зы сыхьэтым километри 10 нэхърэ мынэхъ мащIэ псынщIагъ километри 100 гъуэгуанэм къыщыбгъэлъэгъуэфын хуейт. Апхуэдэ щIыкIэу, зы сыхьэтым километр 16,7-рэ и псынщIагъыу, Мэрем Елдар къызэрыжа Тэн адыгэшыр япэ урысей чемпион хъуауэ щытащ. Шыр зейр нобэ зэфIэкI ин къэзыгъэлъагъуэ Адыгэшыр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ фондым и президент Сибэч Артурт.

2001 гъэм Владимир областым хыхьэ Вольгинское къуажэм щекIуэкIа шыгъажэми япэ увыпIэ къыщызыхьар адыгэшщ. Горец цIэр зезыхьэ хакIуэм шэсат Елбэрд Андемыр.

2002 гъэм Рязань щекIуэкIауэ щытащ километри 140-рэ щызэпачын хуей шыгъажэ. Абы щытекIуат Елдар зи цIэ адыгэ алащэм теса Джэджий А.

2003 гъэм щегъэжьауэ адыгэшхэр Европэми Азиеми щекIуэкI шыгъажэхэм макIуэ. Польшэм Къэжэр Алим пщIэ къыщыхуихьауэ щытащ Батрэз алащэм. Германием щекIуэкIа зэпеуэм Складанюк Игорь Къарэ шым тесу етIуанэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ. Данием щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэта Бакaнинэ Еленэ Пэрытым тесу ещанэу къэсауэ щытащ.

Нэхъ гукъинэжхэм язщ 2003 гъэм Ирландием щекIуэкIа шыгъажэм Урысейм икIа гупым адыгэшхэм тесу 6-нэ гуп увыпIэр къыщахьауэ зэрыщытар. Складанюк Игорь Къарэ адыгэ хакIуэм тесу зэпеуа 180-м щыщу 15-нэу къэсауэ щытащ.

Жэпуэгъуэм и 1 - 10-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр поплъэ «Гуэрэн» шыгъэжапIэм щызэхэтыну «Адыгэш зэхьэзэхуэм» («Шэрджэс дерби») хэтыну шууейхэм. Iуэхум апхуэдэ лъагагъ игъуэтын папщIэ, куэдым лэжьыгъэшхуэ зэращIар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**




# ГъащIэр фIыуэ елъагъу

**Дунейм щикъухьа адыгэ лъэпкъым зыщыпсэу щIыпIэр егъэдахэ, гуапагъэм, хьэщIагъэм, лIыгъэм, пэжыгъэм я лIыкIуэ мэхъу. Адыгэ нэсым хэлъ хьэлщэн нэхъыщхьэхэр и лъым хэту дунейм къытохьэ. КъыдэкIуэтеиху ар хэплъагъуэ мэхъу и теплъэм, и зыIыгъыкIэм, и псэлъэкIэм. Гъэсэныгъэм и Iуэхур а лъым хэту къакIуэ щэным дэIэпыкъуэгъу хуэхъуу арагъэнущ.**



ХАМЭЩI щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэм яхэтщ гугъэ уэзыгъэщI куэд. Мы щIалэр абыхэм ящыщ зы щапхъэ закъуэщ. Щоджэн Умар Тыркум, Узун-Яйла къегъэщIылIа Мараш къуажэм къыщалъхуащ. Къыщыхъуар, курыт еджапIэр къыщиухар Истамбылщ. IэщIагъэ къыхихын щыхъум, Адана университетым экономисту щеджащ. Университет нэужьым дзэм къулыкъу щищIащ. Къигъэзэжщ, зэпеуэкIэ пхыкIри, лэжьыгъэ IэнатIэ пэрыуващ. Истамбыл дэт «Кувейт-Тырку» банкым и менеджырщ.

Щоджэн Умар ящыщщ гурэ псэкIэ адыгэхэм. Адыгагъэм теухуауэ илэжьыф къигъанэркъым. Пэжщ, ар Адыгэ Хасэхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэм хэтыну хуит къищIыркъым зыщылажьэ банкым. Апхуэдэу щытми, ядоIэпыкъу, и мылъку адыгэ Iуэхум хелъхьэ.

Умар и дуней тетыкIэм къегъэлъагъуэ абы и цIыху щIыкIэри. Узун-Яйла деж къуажэ унэ щаIэщ Щоджэнхэ я унагъуэм. Псом нэхърэ нэхъ фIэфIри абы зыщигъэпсэхунырщ. Къэзыухъуреихьхэм фIыуэ къалъагъу, ныбжьэгъу и куэдщ, Iуэху щIэкIэ ещIэ. ЩIалэм и гур яхуэщабэщ псэущхьэхэм, къуалэбзухэм, удз гъэгъахэм.

Къэралхэм я тхыдэхэр джынми дехьэх Умар. БлэкIа зэманым щIэщыгъуэ, телъыджэ гуэр хелъагъуэ. Абы теухуа тхылъхэр и унэ библиотекэм щыкуэдщ. Фильмхэм ящыщуи аращ дэзыхьэхыр - тхыдэр къызыхэщхэрщ.

Щоджэн Умар къуэш, шыпхъу нэхъыщIэхэр иIэщ. Зэдэлъхузэшыпхъухэр зэролъытэ, фIыуэ зэролъагъу. Умар абыхэм нэхъыжьыгъэ кърах, пщIэ къыхуащI.

«ГъащIэр фIыуэ солъагъу!» - жеIэ Умар. Даи, абы и лъапIагъыр зыхещIэ!

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



**Узбекистаным и Намаган къалэм щекIуэкIащ бгырыпх бэнэкIэмкIэ дунейпсо чемпионат. Абы хэтащ къэрал 32-м къикIа спортсмен 350-рэ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам дэщIыгъуу зэпеуэм зыкъыщигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменми.**

# Дунейпсо чемпион ЩхьэщэмыщI Рэмэзан

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмми 100-м щIигъухэм я гупым щригъэкIуэкIа зэпэщIэтыныгъищми щытекIуа ЩхьэщэмыщI Рэмэзан дунейпсо зэхьэзэхуэм и абсолютнэ чемпион хъуащ. Лэскэн муниципальнэ районым и ДЮСШОР-м и гъэсэныр зэхьэзэхуэм хуигъэхьэзыращ и адэ икIи и тренер, лъэпкъ бэнэкIэмкIэ РСФСР-м и чемпион ЩхьэщэмыщI Ахьмэдхъан.

- Финалым ипэ къихуэу зэпэщIэтыныгъитIым сыщытекIуащ. ЕтIуанэ бэнакIуэм дезгъэкIуэкIа зэIущIэр нэхъ къыстехьэлъащ, ауэ абы кърикIуам зэхьэзэхуэм кIэух хуэхъунур игъэбелджылащ. Финалым хьэрхуэрэгъу къыщысхуэхъуам и бэнэкIэм фIыуэ сыщыгъуазэт, езыри сцIыхурт. ПэщIэдзэ зыгъэсэныгъэхэр зэгъусэу едгъэкIуэкIащ, а лъэхъэнэми абы сыщыкIэлъыплъурэ тактикэ щхьэхуэ хуэзгъэхьэзыращ. Мазэ бжыгъэкIэ зызыхуэзгъэхьэзыра зэIущIэм секунд 40-м къриубыдэу сыщытекIуащ, - жиIащ фокIадэм и 12-м Налшык и къухьлъатэтедзапIэм къыщрагъэблэгъэжа ЩхьэщэмыщI Рэмэзан.

Дунейпсо чемпионатым зэрыщытекIуам къыхэкIыу адыгэ щIалэм къыхуагъэфэщащ дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер цIэ лъапIэр. АдэкIэ ди лъэпкъэгъум зыхуигъэхьэзырынущ Дунейпсо Кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэхьэзэхуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и факультетыр къэзыуха ЩхьэщэмыщI Рэмэзан иджыри ехъулIэныгъэ куэдкIэ дыщогугъ.

**МЭЗКУУ Къан.**

# Нобэрэ пщэдейрэ

**ФокIадэм и 20,** *гъубж*

♦**Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ**

♦**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутIыпщащ.

♦**1999 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ дунейм ехыжащ.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ совет къэрал къулыкъущIэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Ахъмэт Мусэбий**.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэдэгъэл1 Аскэр**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шурдым Барэсбий**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **Нэхущ Мухьэмэд**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ урысей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа **Лель Катя** (и цIэунэцIэ дыдэр **Чупрининэ Екатеринэщ**).

♦**1987 гъэм** къалъхуащ бэнэкIэ хуитымкIэ дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Олимп джэгухэм я чемпион **Махуэ Билал**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Борей Рауф**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Мысачэ Валентинэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Нэпсо Марианнэ**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Iэуес**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 21,** *бэрэжьей*

♦**Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** Бахъсэн партизан гупыр Каменномост щыIэ нэмыцэ гарнизоным жэщым теуащ, абы хэщIыныгъэшхуи иритащ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ДЖАТОКЪУЭ Марианнэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Хабзэжь хэкужь къранэркъым.**

# «Джылахъстэн»

**Тэрч къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэм язым «Джылахъстэн» фIэщыгъэм щIэту тет тыкуэн дахэшхуэм гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. «Адыгэпсэ гуэрщ зейр!» гупсысэр аддэ гущIэм къыщохъуэпскIри, къару гуэр къыпхелъхьэ.**







ПЭЖЩ, иужьрей зэманым адыгэну хуейхэр нэхъыбэ мэхъу, ауэ а Iуэхум я къару, зэфIэкI езыхьэлIэу псалъэр Iуэхум нэзыгъэсыр зырызщ армыхъумэ.

«Джылахъстэн» тыкуэныр апхуэдизкIэ хьэпшып гъэщIэгъуэнхэмкIэ бейщи, музейм нэхъ ещхьщ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым ит адыгэ тыкуэн нэхъ ину къалъытэхэм емыфIэкIмэ, зыкIи ефэгъуэкIыркъым. ЩIэми жьыми, щIалэми хъыджэбзми ягу ирихьын, зепхьэну хъуэпсэгъуэ хьэпшып куэдыкIей щIэлъщ. Адыгэ тхылъхэр, сэ зэмылIужьыгъуэхэр, чысэ, бгырыпх, цIыхубз хьэпшып, щакIуэхэм къахуэсэбэпыну цIыкIуфэкIухэр, пкIыгъэхэр, нэгъуэщI куэди. Гурыгъуэщ апхуэдэ тыкуэн бей щIыналъэ цIыкIум къыщызэIузыхар абы хьэрычэтышхуэкIэ зэрыщымыгугъыр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар щIащIам и мыхьэнэр куэдкIэ нэхъ инщ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, сыщыуатэкъым. Тыкуэныр зейр ди щIыналъэми абы и адрыщIкIи фIыуэ къыщацIыху IэщэщI, дыщэкI Iэзэ **Тумэ Аслъэнщ**. ЩIалэм зыхуэдгъэзэри и тыкуэным, Iэщlагъэм теухуауэ депсэлъащ.

- Куэд щIауэ сигу илът Джылахъстэнейм мыпхуэдэ тыкуэн къыщызэIусхыну, - къыддогуашэ Аслъэн. - ЩIэх-щIэхыурэ си деж цIыхухэр къэпсалъэрт пIащIэгъуэкIэ сэ, адыгэ хьэпшып хуейуэ, ауэ зэи хьэзыру сиIэтэкъым. Арати, мурад сщIащ тыкуэн къызэIусхыу цIыхухэр зыщIэупщIэхэр щIэслъхьэну. ИлъэситI ипэкIэ тыкуэн нэхъ цIыкIу къызэIусхат, Iуэхур зэрежьэм сеплъыну. Хьэпшыпхэм щIэупщIэ яIэти, тыкуэн иныр сэ сызэрыхуейуэ къызэзгъэпэщащ. КъызыщыхъущыIэщ абы си хьэпшыпхэр щысщэн щхьэкIэ къызэIусхауэ. Сысейуэ зыри щIэлъкъым мыбы, сэ заказкIэ сылажьэу аращи, а тыкуэным сыхуэлэжьэну си Iэ нэсыркъым. Ауэ зи Iэдакъэщ|экIхэр сигу ирихь си ныбжьэгъу-лэжьэгъухэм ейхэм щыщ щIызолъхьэ. Екатеринбург къыщыщIэдзауэ щIыпIэ куэдым къызогъэш хьэпшыпхэр. Япэхэм абы щыщIэхуэнум нэхърэ зыщызыплъыхьыну къакIуэхэр нэхъыбэт. Тэрч щIыналъэм и мызакъуэу, ди республикэм и дэнэ лъэныкъуэкIи къикIыурэ щэхуакIуэ, зыплъыхьакIуэ къокIуэ, Къэрэшей-Шэджэсым, хамэ къэрал къикIа хьэщIэ зыбжанэрэ сиIащ. Тыкуэныр си закъуэ согъэлажьэ. Сабийхэр гъуазджэхэм щыхуагъасэу Кулъкъужьын дэт школым, Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэм, гъубжкъэс сыщолажьэ, адрей махуэхэм Налшык дэт кIыщым (си адэ къуэшым и къуэ, куэдым яцIыху IэщэщI Тумэ Залим игъусэу) сыщолъащэ, зыгъэпсэхугъуэ махуитIым Тэрч сокIуэжри, тыкуэным сыщIэсщ, абы и Iуэху зызогъэзахуэ, къищынэмыщIауэ, губгъуэ зызохьэ.

Мы тыкуэныр ахъшэ къэлэжьыпIэу, срипсэуну сыщыгугъыу сщIауэ жысIэмэ, пцIы супсынущ. Пэжщ, абы сом гуэри къыпокIуэ, ауэ псом ящхьэращи, ар гурэ псэкIэ зыщызгъэпсэху щIыпIэщ.Си хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ пасэрей хьэпшыпхэм я музей къыгуэсщIыхьыну. Тыкуэн бжэIупэм IухьэпIэ дахэ, чийкIэ хуа бжыхьым адыгэ хьэпшыпхэр фIэдзэжауэ хуэсщIынущ. КъищынэмыщIауэ, абдеж адыгэ шей ефапIэ, зэбгъэдэсыпIэ щысщIыну си мурадщ.

## ЩIэдзапIэр псом ящхьэщ

СызэрыцIыкIурэ сурэт сщIыуэ щытащ. Япэ дыдэу сурэт зэрысщIари сощIэж. Си адэ къуэшым ручкэрэ тетрадрэ тыгъэу къысхуихьати, ахэр сурэт щIыным хухэсхри, абыкIэ езгъэжьат. КъызэхъулIэу щыжа-Iэм, сытегушхуэри, Тэрч къалэм дэт художественнэ, музыкэ школхэм сыщеджащ. Школ нэужьым дэ къуликъум сыхуеджэну бидэу тезухуат. Ауэ си адэ-анэм творчествэм зеспщытмэ зэрафIэфIыр щыжаIэм, седаIуэри, сыхущIегъуэжакъым. КъБКъУ-м Гъуазджэхэмкlэ институтыр дыщэкIыу къэзухащ.

Ещанэ курсым сыщIэсу заказкIэ лэжьэн щIэздзат. «Адыгэ унэм» си хьэпшыпхэм щыщ куэд естырт.

ЯпэщIыкIэ къызэрыщIэздзар бзылъхугъэм зыкIэрилъхьэ дыщэхэкIхэращ. Иджыпсту дыщэкI Iэщlагъэм апхуэдэу срилажьэркъым, сэхэм щIэупщIэшхуэ яIэти, абы нэхъ зестащ. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым, иужьрей зэманым щIалэгъуалэм лъэпкъ Iуэхум нэхъыбэу зэрызрапщытыжыр щыплъагъукIэ. Лъэпкъым и дахагъэ, лъапIагъэ нэхъыщхьэхэм я мыхьэнэр нэхъ зыхащIэу хъуауэ къысщохъури сыщогуфIыкI. Цlыхум хуэпщIыр къызэрохъулIэр ар зейм елъытауэ жаIэ. Сэри абыкIэ сыарэзыщ. ЛэжьыгъэрзыхуэпщIыр тыншмэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъмэ, зэрыпщIар умыщIэу, псынщIэу къохъулIэ. ЦIыхур гъуэлэгъуасэмэ, ар арэзы пхуэмыщIынкIэ угузавэурэ, нэхъ гугъу уохь.

Iэщlагъэм гупсэхугъуэ къызиту сролажьэ. СыкъызэплъэкIыжа иужь, адэ-анэм я жыIэм сызэредаIуам сыщогуфIыкIыж. Мы Iэщlагъэр си хъыджэбзхэм языхэзым къыхахмэ, сыщыгуфIыкIынут.

Зыгуэр щысщIым деж абы къыпэкIуэну сомракъым, атIэ ар зыхуэсщIым къызэрыщыхъунурщ сызэгупсысыр. НэхъыщхьэрIэкIэ щIа лэжьыгъэм и щхьэхуэныгъэр, лъапIагъыр (ахъшэкъым зи гугъу сщIыр) цIыхухэм къагурыIуэнырщ. Заводым щащIа сэ пудымрэ мазэ бжыгъэкIэ егугъуу IэкIэ ящIамрэ зэи зэхуэдэ хъунукъым. Ар къызыгурымыIуэхэм уащIедэуэни щыIэкъым.

ЦIыхур дапщэщи нэхъыбэм, нэхъыфIым худэплъейуэ псэу хабзэщ. Апхуэдэу сэ сиIэщ си къуэш нэхъыжь Тумэ Залим. ЗэрыжысIащи, абырэ сэрэ зы лъэщапIэ дыщIэсщи, дапщэщи чэнджэщэгъу къысхуохъу. Урысейм и IэщэщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт Алмэ Мусэ дуней псом къыщацIыху. Тхьэмахуэм зыбжанэрэ абы и деж сыкIуэурэ лэжьыгъэ Iуэхухэмкlэ сочэнджэщ. Мусэ жиIэрейщ цIыхум хуэзфIэмыкIыну къыщыхъу Iуэхум ерыщу зрипщытын хуейуэ, сэри абыкIэ сыарэзыщ.

ГъэщIэгъуэнракъэ, Iэщэ-фащэ сщIы щхьэкIэ, зыри си унэ щIэлъкъым. Сэжьей цIыкIухэр зесхьэну сощIри, ехъуэпсэIамэ, схуэмышэчу тыгъэ яхузощI. Унагъуэм къинэжын хуэдэу, ди дамыгъэхэр тету сщIыну си мурадщ. Апхуэдэу, адыгэш зэзгъэпэщу хуэфэщэну Iэщэфащэхэмкlэ зэщIэзузэдэну сохъуапсэ, ауэ шым зэман куэд токIуадэри, абы зэкIэ сыкъегъэувыIэ.

## Зэманыр дапщэщи къызомэщIэкI

Лэжьыгъэм сытезыгъэгушхуэхэм ящыщщ ар нэгъэсауэ зэфIэкIауэ слъагъуну сызэрыщIэхъуэпсыр. Си мыгъуагъэ нэхъыщхьэр - ар тхьэмахуэкIэ сщIын хуей лэжьыгъэр зы махуэм сухыну сызэрыхуэщIэкъурщ. Ди Iуэхум ущепIэщIэкIы-ныр щыуагъэщ. Нэхъыбэрэ зым зезгъэлIалIэу щытамэ, нэхъыфIу къызэхъулIэнкIи хъунт. Зэман къысхудэхуамэ, европейжыпхэм ит хьэпшыпхэм зеспщытынут. Ауэ зэманыр дапщэщи къызомэщIэкI.

Иджыпсту нэхъыбэу адыгэсэм, къамэм солэжь, абыхэм мамонтыми и къупщхьэ, пхъэ гъуэтыгъуейхэр сэхъу яхузощI. Пасэрей адыгэхэм шы Iэмэпсымэхэм ягъусэу дыд зэрахьэу щытащ дапщэщи. Иджы а дыдыр сэм хэIуэнтIауэ щIын щIадзащи, куэдым яфIэфIу дагъэщI.

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ, зэи сымыщIауэ щIакъуэ баш сщIауэ щытащ, чэщанэм и теплъэ и къум дыжьынкIэ тебзауэ. Башым IункIыбзэ щэху иIэт, тепкъузэмэ, и кум игъэпщкIуа сэр къипкIыу. Мис абы сфIэгъэщIэгъуэн дыдэу селэжьат, ауэ шэч хэмылъу, ар иджы къэсщтэжамэ, куэд зэсхъуэкIыжынут.

Иджыпсту зы проект гъэщIэгъуэн яужь ситщ адыгэшым, адыгэ уанэм, адыгэсэм ятеухуауэ. Хьэзыр хъумэ, гъэлъэгъуэныгъэ инхэм срихэтыну си мурадщ. Абы къыдэкIуэу америкэнхэм еим тещIыкIауэ сэ лIэужьыгъуэ гуэр зэпкърызолъхьэ, блэ пIащэм, благъуэм я фэ и къум тебзэжауэ.

### Зыужьыныгъэ

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм илъэс къэс къызэригъэпэщ къызэщIэзыкъуэж гъэлъэгъуэныгъэхэм дыхэтщ. КъищынэмыщIауэ Урысейм ис IэщэщIхэм я зэгухьэныгъэм сыхыхьэну сохъуапсэри, абы схьыну си мурад лэжьыгъэхэр нэзгъэсмэ, сытегушхуэнущ.

### Егъэджэныгъэ

2013 гъэм къыщыщIэдзауэ Залымрэ сэрэ дыщолажьэ Сабийхэр гъуазджэхэм щыхуагъасэу Кулъкъужьын дэт школым. КъыщIэдгъэкIахэм ящыщу щIалитIым зыхуедгъэджахэр Iэщlагъэ яхуэхъуащ. Мы зэманкIэ, сабий 30 хуэдиз еджапIэм нокIуаIэри, ехъулIэныгъэфIхэр яIэу, уащыгугъ хъуну зыкъом яхэтщ. Шэч хэмылъу, псоми зэхуэдэу ар къайхъулIэркъым, ауэ нэхъыщхьэр зэхэгъэж умыщIу дэтхэнэми удэлэжьэнырщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэфIэкI зиIэ, нэхъыфIу къызэхъулIэ сабийм псори зыIэпигъэхуу, а зыри зыхуэзфIэмыкIыну къыпщыхъуар псом япэ щищыж мымащIэу щыIэщи. Зэпеуэ зэмылIужьыгъуэхэм пашэ щыхъуащ едгъаджэ сабийхэм ящыщхэр.

Iэмал имыIэу щыткъым абыхэм сурэтыщI бэлыхь къахэмыкIынкIэ, творчествэм цIыхум и щхьэр егъэлажьэ, и гупсысэм зрегъэужь. Быдэу си фIэщ мэхъу ар сабийхэм гъащIэм къазэрыщыхуэсэбэпыжынур. Мы школым и унафэщI КIуж Ритэ хуабжьу егугъуу лэжьыгъэр къызэрегъэпэщ. ЕгъэджакIуэхэр хэплъыхьауэ къыхех. А школым хуэдэу зэгъэпэща ди республикэм иту си фIэщ хъуркъым.

ГъащIэм щынэхъыщхьэу къилъытэ Iуэхугъуэхэм я гугъу щищIкIэ Аслъэн и унагъуэр къыхегъэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Къардэн Iэминэрэ жьэгу пащхьэ дахэ зэрагъэпэщащ. Я хъыджэбзитIыр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу щапI, гуапагъэрэ хуабагъкIэ псыхьа унагъуэм. Ар куэдкIэ я фIыгъэщ абыхэм щIэгъэкъуэн къахуэхъуу къащхьэщыт Аслъэн и адэ-анэу Аркадийрэ Маринэрэ. Абыхэм яужь Аслъэн и Iэщlагъэр кIэщIу къыкIэлъегъакIуэ.

«Мы Iэщlагъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр ди Iэужь цIыхухэм, лъэпкъым къахуэдгъэнэнырщ», - жеIэ Аслъэн ди псалъэмакъым и кIэухыу.

«Iэщlагъэ зиIэм Iэужь иIэнущ», - жызыIар щыуакъым. Дауи, Тумэ Аслъэн хуэдэу а Iэщlагъэм егугъухэр Iэужьыфlэ, лъэужьыфlэ хъу хабзэщ. Шэч къытетхьэркъым зи Iэщlагъэм хуэIэижь щIалэм и цIэр иджыри куэдрэ фIыкIэ къызэраIуэнум. Тхьэм иригъэфIакIуэ!

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.777 • Заказыр №1880

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ|апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А